## V ТЕМА

# Референдум участкасында даўысларды санап шығыў ҳәм нәтийжелерди белгилеў

1. Даўыс бериў тамамланғанлығын жәриялаў
2. Даўысларды санап шығыў ҳәм протоколды толтырыўда бар болыўы мүмкин болған шахслар
3. Даўыс бериў тамамланғанынан соң әмелге асырылатуғын ҳәрекетлер
4. Референдум участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы протоколды рәсмийлестириў ҳәм округ комиссиясына усыныў
5. Участка комиссиясының ис жүритиў ҳүжжетлерин, даўыс бериў бюллетенлерин арнаўлы қапқа жайластырыў, сақлаў ҳәмде тапсырыў

## 1. Даўыс бериў тамамланғанлығын жәриялаў

**«Өзбекстан Республикасының референдуми ҳаққында»-ғы** нызамның 32-статьясында: «Даўыс бериў референдум күни саат 8.00 ден 20.00 ге дейин өткериледи», деп белгиленген. Усы талапқа муўапық, референдум күни участка комиссиясының баслығы яки баслық орынбасары саат 20:00 де даўыс бериў тамамланғанлығын жәриялайды.

***ЯДТА ТУТЫҢ!***

***Саат 20.00 ге дейин референдум участкасына жетип келген, бирақ еле даўыс бериўге үлгермеген даўыс бериўши пуқараларға даўыс бериў ушын имканият бериледи.***

Өзбекстан Республикасының сырт ел мәмлекетлердеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанындағы, әскерий бөлимлерде, санаторияларда, дем алыў үйлеринде, емлеуханалар ҳәм басқа стационар емлеў мәкемесинде, алыс ҳәм барыў қыйын болған аймақлардағы пуқаралар турған жерлерде, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген референдум участкаларында дизимге киритилген барлық пуқаралар даўыс берип болған болса, участка комиссиясы даўыс бериў тамамланғанлығын қәлеген ўақытта жәриялаўы мүмкин. Бирақ, саат 20:00 ден алдын даўыс бериў қутыларын ашыўы ҳәм даўысларды санап шығыўға кирисиўи мүмкин емес.




## 2. Даўысларды санап шығыў ҳәм протоколды толтырыўда сол жерде болыўы мүмкин болған шахслар

Участка комиссиясы тәрепинен даўысларды санап шығыў, даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы протоколларды толтырыў процессинде төмендегилер болыўы мүмкин:

- жергиликли гүзетиўшилер;
- ғалабалық хабар қуралларының ўәкиллери;
- басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден гүзетиўшилер.

Усы процессте участка комиссиясы имаратында болыўға руқсат етилген шахслардан тысқары басқа шахслардың болыўы қадаған етиледи.



## 3. Даўыс бериў тамамланғанынан соң әмелге асырылатуғын ҳәрекетлер

Даўыс бериўши пуқаралардың даўысларын санап шығыў участка комиссиясы ағзалары тәрепинен даўыс бериў қутыларында бар болған бюллетенлер бойынша әмелге асырылады. **Даўыс бериўши пуқаралардың даўысларын санап шығыў тек ғана даўыс бериў имаратында өткериледи.**

Участка комиссиясының референдум нәтийжелери Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықланған «Референдум участкалары ҳәмде референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы реже» менен тастыйықланған үлгидеги участка комиссиясының «референдум участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы протоколы» менен рәсмийлестириледи *(қосымшаға қараң).*

Участка комиссиясы ағзалары даўыс бериў тамамланғанынан соң нызамшылықта белгиленген ҳәрекетлер избе-излигинде төмендеги ўазыйпаларды әмелге асырады:

**1-ҳәрекет:** даўысларды санаўды баслаўдан алдын столлар бирлестириледи, барлық жазыў қураллары (ручка, қәлем ҳәм басқа қураллар) ҳәммеге көрсетилген ҳалда шетке алып қойылады.

**2-ҳәрекет:** участка комиссиясында округ комиссиясынан алынған бюллетенлердиң саны анықланады ҳәм жуўмақлаўшы протоколдың «2. Референдум өткериўши участка комиссиясы алған сайлаў бюллетенлери саны» деп жазылған екинши графасына киритиледи.

**3-ҳәрекет:** пайдаланылмаған ҳәм бузылған бюллетенлер санап шығылады ҳәм жоқары шеп мүйешин кесиў яки даўыс бериў бюллетениниң арқа тәрепине тийисли белги қойыў жолы менен бийкар қылынады, олардың саны жуўмақлаўшы протоколдың «6. Пайдаланылмаған ҳәм бузылып, бийкар қылынған референдум бюллетенлериниң улыўмалық саны» деп жазылған алтыншы графасына киритиледи.

**4-ҳәрекет:** даўыс бериўши пуқаралар дизими (басқа референдум участкасында даўыс бергенлиги ҳаққында мағлыўмат киритилгенлер буннан тысқары) ҳәм усы дизим қосымшасы бойынша усы участкадағы даўыс бериўши пуқаралардың улыўмалық саны анықланады ҳәм жуўмақлаўшы протоколдың «1. Референдум участкасындағы даўыс бериўшилердиң улыўмалық саны» деп жазылған биринши графасына киритиледи.

**5-ҳәрекет:** стационар ҳәм көшпели қутыларды ашыўдан алдын комиссия ағзалары тәрепинен даўыс бериўши пуқаралар дизими ҳәм даўыс бериўши пуқаралар дизими қосымшасының ҳәр бир бетине усы бет бойынша бюллетень алғанлардың улыўмалық саны ҳаққындағы мағлыўматлар киритиледи;

– мағлыўматлар киритилгенинен кейин даўыс бериўши пуқаралар дизими ҳәм даўыс бериўши пуқаралар дизими қосымшасының ҳәр бир бети усы мағлыўматларды кириткен комиссия ағзасы тәрепинен имзаланады ҳәм бетлердеги номерлер улыўмаластырылады;
– даўыс бериўши пуқаралар дизиминиң барлық бетлери бойынша жуўмақлаўшы улыўмалық мағлыўматларды комиссия баслығы жәриялайды, даўыс бериўши пуқаралар дизиминиң ақырғы бетине киритеди, өз имзасы ҳәм участка комиссиясының мөриси менен тастыйықлайды ҳәмде усы мағлыўматлар жуўмақлаўшы протоколдың «3. Референдум бюллетенлери алған даўыс бериўши пуқаралар саны» деп жазылған үшинши графасына киритиледи.

**6-ҳәрекет:** референдум қутыларындағы бир мәртелик пломбадағы номерлер пломбалаў актиндеги номерлер менен салыстырылады.

**7-ҳәрекет:** мүддетинен алдын бюллетенлер салынған жабық конвертлер референдум қутысына тасланады.

**8-ҳәрекет:** стационар ҳәм көшпели қутылар ашылады. Бюллетенлер стол үстине төгиледи ҳәм даўыс бериўде қатнасқан даўыс бериўши пуқаралар (даўыс бериў қутыларындағы бюллетенлер) саны анықланады ҳәмде усы мағлыўматлар жуўмақлаўшы протоколдың «5. Даўыс бериўде қатнасқан пуқаралар саны (сайлаў қутыларындағы референдум бюллетенлери санына муўапық)» деп жазылған бесинши графасына киритиледи.

**9-ҳәрекет:** референдумға қойылған мәселени жақлап ҳәм қарсы даўыс берилген бюллетенлер оқып еситтирилген ҳәм көрсетилген ҳалда бөлек-бөлек байламларға ажыратылады.

Бюллетенниң ҳақыйқыйлығына гүман туўылса, мәселе участка комиссиясы тәрепинен даўысқа қойыў арқалы шешиледи.

Бюллетенди ҳақыйқый емес деп табыў ҳаққында қарар қабыл қылынса, участка комиссиясы оның арқа тәрепине ҳақыйқый емеслигиниң себеплерин көрсетеди. Бул жазыў участка комиссиясы кеминде үш ағзасының имзалары менен тастыйықланады.

**10-ҳәрекет:** Референдумға қойылған мәселе бойынша жақлап яки қарсы берилген даўыслар бөлек-бөлек санап шығыў арқалы анықланады ҳәм жақлап берилген даўыслар саны жуўмақлаўшы протоколдың «7. Референдумға қойылған мәселени жақлап берилген даўыслар саны» деп жазылған жетинши графасына; қарсы берилген даўыслар саны жуўмақлаўшы протоколдың «8. Референдумға қойылған мәселеге қарсы берилген даўыслар саны» деп жазылған сегизинши графасына киритиледи.

Референдумға қойылған мәселе бойынша жақлап яки қарсы даўыс берилген бюллетенлер бөлек-бөлек байлам қылып оралады. Байламда даўыслар саны көрсетиледи.

**11-ҳәрекет:** төмендеги бюллетенлер даўысларды санап шығыўда ҳақыйқый емес деп табылады:

– белгиленбеген формадағы (көлеми, реңи, қағаз сапасы, баспахана шрифти ҳәм басқалар бойынша парқланыўшы);
– участка комиссиясы тәрепинен тастыйықланбаған бюллетенлер;
– даўыс бериў ўақтында биреўден артық квадратқа «+» яки «✓» я болмаса «х» белгиси қойылған яки бир квадратқа да бундай белги қойылмаған бюллетенлер;
– бюллетенлерге қосымша рәўиште жазып қойылған мәселелер бойынша берилген даўыслар есапқа алынбайды ҳәм усы бюллетенлер де ҳақыйқый емес деп табылады;
– ҳақыйқый емес деп табылған бюллетенлер саналады, айрықша байлам қылып оралады ҳәм олардың саны жуўмақлаўшы протоколдың «9. Ҳақыйқый емес деп табылған даўыс бериў бюллетенлери саны» деп жазылған тоғызыншы графасына киритиледи.

## 4. Референдум участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы протоколды рәсмийлестириў ҳәм округ комиссиясына усыныў

Зәрүр ҳәрекетлер әмелге асырылғанынан кейин комиссия жуўмақлаўшы мәжлис өткереди. Онда даўыс бериў ҳәм даўысларды санап шығыў ўақтында жол қойылған нызам бузылыўлары ҳаққында шағым яки арзалар келип түскен болса, бундай шағым яки арзалар көрип шығылады.

Даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы протокол дүзиўден алдын комиссия баслығы қатнасыўшылар итибарына даўыс бериў күнинде ҳәм даўыс бериўши пуқаралар даўысларын санап шығыў тамам боламан дегенше комиссияға келип түскен шағым (арзалар) ҳәм олар бойынша қабыл қылынған қарарлар ҳаққындағы хабарды жеткереди. Тийисли протоколға усыныс қылынатуғын актлер ҳәм басқа ҳүжжетлерди көрсетип өтеди. Комиссия искерлиги бойынша қарсылықлар, арзалар бар-жоқлығын анықлайды, зәрүрлик болса комиссия усы қарсы пикир яки шағымларды көрип шығады ҳәм қарар қабыл қылады.



Егер участка комиссиясының референдум участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы протоколын толтырыў ўақтында комиссияның айрым ағзалары жоқ болса, бул ҳаққында жыйналыс протоколында олардың жоқ болғанлықлары себеплери көрсетип өтиледи.

Соннан кейин участка комиссиясының референдум участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы **протоколы участка комиссиясының баслығы яки баслық орынбасары тәрепинен оқып еситириледи** ҳәмде усы протоколдың **көширме нусқасы ҳәмме танысып шығыўы ушын участка комиссиясы имаратына кеминде қырық сегиз саат мүддетке дәрҳал асып қойылады.**

Даўысларды санап шығыў процессинде қатнасып атырған гүзетиўшилер участка комиссиясы **протоколының тастыйықланған көширме нусқасын сорап алыўға ҳақлы.**

Участка комиссиясының референдум участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы протоколын имзалаў ўақтында протокол мазмүн бойынша наразы болған комиссия ағзасы өзиниң айрықша пикирин жыйналыс протоколына усыныўға ҳақылы, бул ҳаққында протоколда белгиленеди.



Округ комиссиясында участка комиссиясының референдум участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы протоколы қәте толтырылғанлығы яки арифметикалық кәтеликлер бар екенлиги анықланғанда, участка комиссиясы қосымша мәжлис өткереди ҳәм қәтеликлерди дүзетеди. Алдынғы протоколды тийкарлары көрсетилген ҳалда бийкар қылыў ҳаққында қарар қабыл қылады ҳәмде жаңа қарар менен дүзетилген протокол тастыйықланады. Ҳәмме танысып шығыўы ушын асып қойылған протокол жаңасы менен алмастырылады ҳәм округ комиссиясына усынылады.

**УК ҚАРАРЫ ҮСТИНЕН АРЫЗ ҚЫЛЫЎ**





Участка комиссиясының даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы қарарынан наразы болған гүзетиўшилер даўысларды қайта санап шығылыўын сорап **судқа мүрәжат етиў ҳуқықына ийе**.

### 5. Участка комиссиясының ис жүритиў ҳүжжетлерин, даўыс бериў бюллетенлерин арнаўлы қапқа жайластырыў, сақлаў ҳәмде тапсырыў

Участка комиссиясы баслығының орынбасары ҳәм хаткери **«жақлап» ҳәм «қарсы» даўыс берилген бюллетенлер байламларына берилген даўыслар санын жазады ҳәм байламларды қапқа тәртип пенен салады.**

Соң ҳақыйқый емес деп табылған бюллетенлер байламы үстине **«Ҳақыйқый емес деп табылған бюллетенлер» деп жазады ҳәм жанына санын жазып қапқа жайластырады.**

Оннан кейин пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар қылынған бюллетенлерди байламға орап, **үстине «Пайдаланылмаған ҳәм бузып бийкар қылынған бюллетенлер» деп жазады,** усы жазыў жанына санын жазады ҳәм қапқа жайластырады.

Бюллетенлер жайластырылғаннан кейин, даўыс бериўши пуқаралар дизими ҳәм даўысларды санап шығыў бойынша **протоколдың екинши нусқасы ҳәм оған усыныс қылынған ҳүжжетлер де қапқа жайластырылады.**

**Қап пломбаланады** ҳәм қапты пломбаланғанлығы ҳаққында акт дүзиледи. Кейнен қап сейфке жайластырылып, участка комиссиясы баслығы имзасы ҳәм мөри менен мөриленеди.

«Өзбекстан Республикасының референдуми ҳаққында»ғы Нызамның 39-статьясында: «Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы референдум жуўмақлары бойынша қабыл етилген қарарды референдум өткерилгеннен кейин көби менен он күн ишинде Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының рәсмий веб-сайтында ҳәм рәсмий дереклерде жәриялайды» деп белгиленген. Усы талапқа тийкар, участка комиссиялары Өзбекстан Республикасы референдуми жуўмақлары рәсмий жәриланғанынан кейин өз искерлигин тамамлайды.

Буннан кейин, Өзбекстан Республикасы референдумине таярлық көриў ҳәм оны өткериў менен байланыслы ҳүжжетлер Орайлық сайлаў комиссиясының 2019 жыл 19 сентябрдеги 939-сан қарары менен тастыйықланған Сайлаў ҳәм референдумға таярлық көриў ҳәмде оларды өткериў менен байланыслы болған ҳүжжетлерди сақлаў, архивке тапсырыў ҳәм жоқ қылыў тәртиби ҳаққындағы қағыйдаға муўапық сақлаў ушын таярланады ҳәмде тапсырылады.

Участка комиссиялары тәрепинен төмендеги ҳүжжетлер референдум жуўмақлары рәсмий жәрияланғанынан соң тийисли қала ҳәм район мәмлекетлик архивлерине сақлаў ушын тапсырылады:

а) участка комиссияларының қарарлары, мәжлис протоколлары;

б) даўыс бериў нәтийжелери ҳаққындағы протоколларының екинши нусқалары;

в) пуқаралардың шағымлары, арзалары ҳәм олар бойынша қабыл қылынған қарарлар;

г) комиссия ағзаларының айрықша пикирлери ҳәмде басқа ҳүжжетлер.

Референдум жуўмақлары рәсмий жәрияланғанынан соң участка комиссиялары:

– даўыс бериўшилер дизимлерди (электрон версиясы) тийислилиги бойынша қала ҳәм район ҳәкимликлерине тапсырады, усы дизимлер олардың кеңселик архивлеринде нәўбеттеги референдумға дейин пайдаланылыўы нызам ҳүжжетлерине муўапық шеклеп қойылатуғын ҳүжжетлестирилген хабар сапасында сақланады;

– бюллетенлерди тийислилиги бойынша қала ҳәм район ҳәкимликлерине тапсырады, олардың кеңселик архивлеринде бир жыл даўамында сақланады ҳәм белгиленген тәртипте жоқ қылынады;

– участка комиссиялардың финанслық есабатларын тийислилиги бойынша қала ҳәм район ҳәкимликлерине тапсырады, олардың кеңселик архивлеринде бес жыл даўамында сақланады ҳәм белгиленген тәртипте жоқ қылынады.

Участка комиссиясы тәрепинен референдум процессинде пайдаланылған комиссия мөриси, даўыс бериў қутылары, жасырын даўыс бериў кабиналары, Мәмлекетлик герб ҳәм байрағы киби материаллық байлықлар тийисли рәўиште район ҳәм қала ҳәкимликлери шөлкемлестириў-қадағалаў топарының жуўапкер шахсларына акт тийкарында тапсырылады ҳәм олардың жуўапкершилигинде сақланады.

ҚОСЫМША

## ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ РЕФЕРЕНДУМИ

20___ж. «___»______________

## РЕФЕРЕНДУМ ӨТКЕРИЎШИ УЧАСТКА КОМИССИЯСЫНЫҢ РЕФЕРЕНДУМ УЧАСТКАСЫНДА ДАЎЫСЛАРДЫ САНАП ШЫҒЫЎ НӘТИЙЖЕЛЕРИ ҲАҚҚЫНДАҒЫ

## ПРОТОКОЛЫ

Участка комиссиясы Өзбекстан Республикасы референдуми ҳаққындағы Нызамының 22, 36-статьяларына муўапық, _______________ референдум округиниң _______________ референдум участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжесинде төмендегилерди анықлады:

1. Референдум участкасындағы даўыс бериўшилердиң улыўмалық саны _______________________________________

2. Референдум өткериўши участка комиссиясы алған даўыс бериў бюллетенлери саны _____________________________

3. Даўыс бериў бюллетенлерин алғанлар саны ____________

4. Референдумда мүддетинен алдын даўыс бергенлер саны _________________________________________________

5. Даўыс бериўде қатнасқан пуқаралар саны (даўыс бериў қутыларындағы даўыс бериў бюллетенлери) ____________

6. Пайдаланылмаған ҳәм бузылып, бийкар қылынған даўыс бериў бюллетенлериниң улыўмалық саны _______________

| | | |
|---|---|---|
| 7. | Референдумға қойылған мәселени **жақлап** берилген даўыслар саны | |
| 8. | Референдумға қойылған мәселеге **қарсы** берилген даўыслар саны | |

9. Ҳақыйқый емес деп табылған даўыс бериў бюллетенлери саны ______________________________________________

**Комиссия баслығы** ______________________________ ________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

**Комиссия баслығының орынбасары** ____________________________________ ________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

**Комиссия хаткери** ______________________________ _________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

**Комиссия ағзалары:**

____________________________________ ____________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

____________________________________ ____________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

____________________________________ ____________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

____________________________________ ____________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

____________________________________ ____________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

____________________________________ ____________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

____________________________________ ____________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

____________________________________ ____________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

____________________________________ ____________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

____________________________________ ____________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

Протокол 20___ жыл «___» __________да дүзилди. М.О.

**ЯДТА ТУТЫҢ!**

***Протокол дүзилиўи менен оның биринши нусқасы белгиленген тәртипте референдум өткериўши округ комиссиясына жибериледи.***

***Протоколдың биринши нусқасына: даўыс бериў нәтийжелерин анықлаўда бар болған сиясий партиялар ҳәм пуқаралар белсенди топарларының гүзетиўшилер ҳәмде ғалабалық хабар қураллары ўәкиллери, басқа мәмлекетлер, халықаралық шөлкемлерден бар болған гүзетиўшилер дизими усыныс қылынады.***

***Протоколдың екинши нусқасы комиссия ағзаларының айрықша пикирлери (егер бундай пикирлери болса); даўыс бериў яки даўысларды санап шығыў ўақтында жол қойылған кемшиликлер ҳаққында келип түскен мүрәжәтлер, усы мүрәжәтлер бойынша комиссияның қабыл қылган қарарлары, даўыс бериў қутыларын пломбалаў бойынша дүзилген акт, даўыс бериў бюллетенлери ҳәмде басқа референдум ҳүжжетлери менен бирге участка комиссиясында сақланады.***

***Протоколдың 5-пунктинде көрсетилген сан протоколдың 7-пункти, 8-пункти ҳәм 9-пунктлериндеги санлар жыйындысына тең (5-пункт = 7-пункт + 9-пункт) болыўы лазым.***

## ҚАДАҒАЛАЎ СОРАЎЛАРЫ:

1. Даўыс бериў тамамланғанлығын жәрияланған ўақытта референдум участкасында даўыс бериўши пуқаралар бар болса, не қылыў лазым?

2. Даўыс бериў қутыларын саат 20:00 ден алдын ашыў мүмкинбе?

3. Даўысларды санап шығыў ҳәм протоколды толтырыўда бар болыўы мүмкин болған шахсларды санап өтиң?

4. Даўыс бериўши пуқаралардың даўысларын округ комиссиясы имаратында әмелге асырыў мүмкинбе?

5. Участка комиссиясы ағзалары даўыс бериў тамамланғаннынан соң әмелге асырылыўы лазым болған ҳәрекетлер избеизлигин санап бериң?

6. Пайдаланылмаған ҳәм бузылған бюллетенлер дегенде не түсиниледи?

7. Референдум қутыларындағы бир мәртелик пломбадағы бар номерлер пломбалаў актиндеги номерлер менен салыстырыў процесси не ушын әҳмийетли?

8. Мүддетинен алдын бюллетенлер салынған жабық конвертлер ашып ишиндеги бюллетенлер алынып даўыс бериў қутысына тасланады ма?

9. Бюллетенниң ҳақыйқыйлығына гүман туўылса усы мәселе қандай шешиледи?

10. Бюллетенди ҳақыйқый емес деп табыў дегенде не түсиниледи?

11. Қандай бюллетенлер ҳақыйқый емес деп табылады?

12. Даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы протокол неше нусқада толтырылады?

13. Даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы протоколдың көширме нусқасы ҳәмме танысып шығыўы ушын участка комиссиясы имаратына неше саатқа асып қойылады?

14. Участка комиссиясының референдум участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы протокол толтырып болғаннан кейин кимге ҳәм қай тәризде жеткериледи?

15. Участка комиссиясының сейфине қандай ҳүжжетлер қай тәризде салынады?